

SS.7.C.2.4 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap evalye kouman Deklarasyon Dwa yo enfluyans aksyon chak moun ak entèraksyon sosyal yo.

Gen twa kategori de dwa, libète, ak pwoteksyon ki nan lis nan **Deklarasyon Dwa yo**.

Premye a se libète endividyèl jan sa endike nan Premye Amandman an: **libète lapawòl, laprès, egzèsis relijye, rasanble san kraze brize, ak petisyon.**

Dezyèm kategori a se **dwa moun sa yo akize** pou yon krim. **Fouy ak sezi pwopriyete** rive lè lapolis kwè ke yon moun te komèt yon krim. Lapolis fè yon fouy pou sezi pwopriyete (kolekte) evidans ki ka gen pou wè avèk krim lan. Pwoteksyon kont fouy ki pa rezonab ak sezi pwopriyete vle di ke lapolis dwe gen yon rezon pou fouy la, ak nan pifò ka yon manda nan men yon jij pou fè fouye pwopriyete pèsonèl moun lan, kay li, oswa kò li. Dwa moun yo akize pou yon krim gen ladan tou dwa **pwosès nòmal**. Pwosès nòmal vle di ke yo pa ka pran libète yon moun, oswa pwopriyete li san yon pwosesis Konstitisyonèl legal.

Plede Senkyèm Amannman an, oswa pwoteksyon kont **akizasyon pwòp tèt ou**, vle di ke gen moun yo akize pou krim kapab refize temwanyè kont tèt yo nan yon tribinal jistis. Plede pou Senkyèm Amannman an anpeche nenpòt ki bagay yon moun yo akize ta ka di, ki te ka itilize kòm prèv kont tèt li pou kondane l nan yon krim. Deklarasyon Dwa yo pwoteje **Doub peril** la tou. Si yo jwenn prèv aprè yo fin jwenn yon moun yo te akize "pa koupab" de yon krim, yo pa kapab fè moun lan tounen nan jijman pou menm krim lan. Dwa a konsèy legal (yon avoka) pèmèt tout moun yo akize de yon krim pou genyen reprezantasyon legal nan tribinal la.

Epitou, Deklarasyon Dwa yo pwoteje **jijman jiri**. Sa vle di ke yon jij ak yon **jiri** dwe deside sou pwoblèm lan kòm prèv ak evidans nan ka-a. Finalman, moun ke yo akize de yon krim, yo pwoteje kont **pinisyon kriyèl ak ki dwòl**, ki ka enkli maspinay oswa lòt fòm pinisyon konsidere kòm twò di pou krim ki komèt la. **Konstitisyonality** pèn lanmò te fè deba nan peyi sa a pou lontan kòm yon egzanp nan sa ki ta dwe konsidere kòm pinisyon kriyèl e ki dwòl.

Twazyèm kategori a se pwoteksyon kont abi pouvwa gouvènman an. Sa ka enkli **dwa pwopriyete**, dwa pou vote, oswa dwa pou yon moun pwoteje tèt li. Egzanp, **dwa pou pote zam** enkli nan kategori sa a. Dwa pou pote zam vle di ke yon moun kapab posede e pote zam, tankou pistolè, pou pwoteksyon pwòp tèt li. **Dwa sou pwopriyete** pèmèt gouvènman an pran pwopriyete prive (pwopriyete ke moun yo posede, òganizasyon yo, oswa konpayi yo) pou izaj piblik la. Sepandan, yo dwe byen konpanse (peye) mèt pwopriyete a pou li san patipri. Egzanp, yo bezwen elaji yon wout e pwopriyete yon moun nan chemen wout la. Gouvènman an dwe peye mèt tèren an pou espas tè a ke yap pran pou agrandi wout la.

Nevyèm Amannman an bay pèp la dwa ki pa enimerè (dwa ki pa nan lis Konstitisyon an). Dwa ki pa enimerè ka enkli **dwa vi prive** ki pa nan lis Konstitisyon an men ke moun toujou espere genyen. Pwoteksyon egal ego anba lalwa garanti ke sitwayen yo pwoteje kont lwa eta yo ki ka trete yo nan yon fason ki nye dwa yo dapre lalwa federal. Finalman, 15èm, 19èm, 24èm ak 26èm Amannman yo chak garanti **sifraj** pou asire ke divès gwoup gen dwa pou yo vote pwoteje.

akizasyon pwòp tèt ou - dwa ki nan Senkyèm Amanman an ki pwoteje yon moun pou yo pa fòse l di lapolis, pèsekite, jij, oswa jiri nenpòt enfòmasyon ki ta ka lakoz li pou pèsekisyon kriminèl

Deklarasyon Dwa - dis premye amanman yo ki nan Konstitisyon peyi Etazini

doub peril - pouwit jidisyè yon moun yo akize pou yon zak kriminèl ke yo te deja jije; ki entèdi nan Senkyèm Amanman nan Konstitisyon peyi Etazini

dwa moun yo akize - dwa ki enkli nan Katriyèm, Senkyèm ak Sizyèm Amanman yo: pwoteksyon kont fouy ak sezi pwopriyete ki pa rezonab, doub peril, akizasyon pwòp tèt ou, dwa pou pwosès nòmal, dwa pou yon jijman rapid ak piblik, pwosè a jiri, dwa pou enfòmasyon sou akizasyon kriminèl, dwa pou fè fas kont temwen nan tribinal la, dwa a yon avoka, pwoteksyon kont akizasyon pwòp tèt ou

dwa pou pote zam - lide nan dezyèm Amanman an ke moun gen dwa endividyèl pou posede ak pote zam

dwa pwopriyete - dwa pou posede pwopriyete; ki mansyone nan Senkyèm ak Katòzyèm Amanman yo

Dwa sou Pwopriyete - dwa gouvènman an pou pran pwopriyete prive pou izaj piblik; Senkyèm Amanman an mande pou ke yo peye (rekonpanse) mèt pwopriyete a san patipri si gouvènman an te pran l

dwa vi prive - dwa pou kache yon bagay pou je piblik la pa wè

fouy ak sezi pwopriyete - pwosesis ke lapolis oswa lòt otorite ki sispèk ke yon moun te komèt yon krim pou fouye pwopriyete l ak kolekte evidans ki gen rapò ak krim lan; pwoteksyon kont fouy ki ilegal ak sezi pwopriyete nou, nan Katriyèm Amanman an

jijman jiri - yon jijman ke yon jij ak yon jiri detèmine pwoblèm lan, anjeneral, ak 12 manm, ke travay yo se analize evidans yo ak fè yon jijman koupab oswa pa koupab; ki pwoteje nan Sizyèm Amanman an

jiri san patipri - yon gwoup sitwayen ki sèmante pou bay yon vèdik ki jis daprè prèv ki prezante nan yon tribinal jistis

Konstitisyonalitye - si wi ou non yon bagay legal anba Konstitisyon peyi Etazini

libète egzèsis relijye - dwa pou sitwayen yo pratike relijyon nan chwa yo san entèferans gouvènman an; ki garanti nan Premye Amanman an

libète lapawòl – Dwa yon sitwayen pou l pale lib e liben san gouvènman an pa entèfere; ki garanti nan Premye Amanman an

libète laprès – dwa laprès pou ekri ak enprime nouvel ekri lèt ak enfòmasyon lib e liben san patisipasyon gouvènman an; ki garanti nan Premye Amanman an

libète pou rasanble san kraze brize - dwa pou fè reyinyon ak òganize gwoup san entèferans gouvènman an; ki garanti nan Premye Amanman an

libète pou pètisyon gouvènman an - libète pou sitwayen angaje yo nan nenpòt aktivite legal ki san vyolans, pou ankouraje oswa kritike aksyon gouvènman an; ki garanti nan Premye Amanman an

Pinisyon kriyèl & ki dwòl - pinisyon ke Wityèm Amanman nan Konstitisyon peyi Etazini entèdi; Enkli maspinay oswa lòt fòm pinisyon twò grav pou krim ki komèt la

Plede senkyèm Amanman an – dwa yon moun pou refize temwanyen nan tribinal jistis sou perèz ke repons yo kapab itilize kòm prèv kont li pou kondane li nan yon zak kriminèl

pwosès nòmal - dwa pou moun yo akize pou krim pou gen lwa ki trete yo san patipri, se konsa ke yo pa ka pèdi lavi yo oswa libète san yo pa gen dwa legal yo pwoteje

sifraj - dwa pou vote

Sous:

“Featured Cases.” *Landmark Cases of the U.S. Supreme Court*. Street Law, n.d. Web. 10 March 2014.

<<http://www.streetlaw.org/en/landmark.aspx,%20oyez.org>>

““You’ve Got Rights.” iCivics.org, n.d. Web. 10 March 2014.

<<https://www.icivics.org/teachers/lessonplans/youve-got-rights>>